



YON LIDÈ NAN SANTE LGBTQ+



Lidè se moun ki pran responsabilite fè bagay yo byen.

Mwa sa a, CHA te resevwa nivo rekonesans ki pi wo a nan Endis Egalite nan Zafè Lasante (Health Equality Index) Kanpay pou Dwa Moun nan (Human Rights Campaign) - kòm Lidè nan Egalite nan Zafè Swen Sante LGBTQ+.

Endis Egalite nan Zafè Lasante a se yon zouti nasyonal ki evalye politik ak pratik etablisman swen sante yo nan sa ki gen pou wè ak egalite ak enklizyon pasyan, vizitè ak anplwaye LGBTQ+ yo. CHA fè sa chak dezan, epi chak fwa estanda nou yo monte pi wo. Lè oumenm oswa yon pwòch ou bezwen wè yon moun ki konprann ak respekte kiyès ou ye, vini nan CHA.

Viv Byen kòm LGBTQ



Yo Nonmen Nou Pi Bon Lopital Matènite, Ankò!

Newsweek nonmen CHA Pi Bon Lopital Matènite pou yon katyèm ane konsekitif. Lis PiBon Lopital Matènite 2024 la idantifye lopital sa yo ki se lidè nan akouchman toupatou nan peyi a. Klasman yo baze sou rekòmandasyon nan men pwofesyonèl swen sante, mezi kalite lopital ak kesyonè sou eksperyans pasyan yo. Se yon lòt egzanp rezon ki fè CHA se bon chwà a pou fanmi k ap agrandi.

Chèche konnen poukisa sèvis matènite CHA a espesyal konsa



Laswenyay Espesyal pou Akouchman Espesyal

Tibebe ki fèk fèt pafwa bezwen sipò anplis epi ekip pedyatrik nan lopital CHA a, ki gen nan tèt li doktè pou tibebe ki fèk fèt Dtè. Kimberlee Chatson, la pou bay laswenyay sa a.

Pedyat lopital nou yo gen fòmasyon avanse nan laswenyay tibebe ki fèt anvan lè oswa ki malad epi yo anplwaye ni nan CHA ni nan Beth Israel Deaconess Medical Center. Yo asiste akouchman ki riske anpil yo epi yo travay avèk enfimye(è) ekstrawòdinè nou yo pou okipe tibebe ki nan Matènite Swen Kontini Nivo IB nou an. Ekip espesyalis sa a pote swen espesyalize avèk ekipman dènye kri nan yon espas trankil, san danje ak konfòtab pou pwoblèm tankou sik nan san ba, ti detès respiratwa, enfeksyon, oswa jonis. Si tibebe ki fèk fèt ou a bezwen swen espesyalize, ou ansite nan CHA.

Jwenn plis enfòmasyon



Ou Bezwen Woulib?

CHA ofri transpò gratis pou randevou pou sante seksyèl ak repwodiktif yo. soti nan Cambridge, Chelsea, Everett, Malden, Medford, Revere, Somerville, ak Winthrop.

Annik mande transpò lè w ap pran pwochen randevou w lan. Nenpòt moun nan ekip ou a ka ranpli fòmilè a pou fè aranjman pou transpò avèk Green Cab ak Yellow Cab.

Jwenn plis enfòmasyon sou Sante Seksyèl ak Repwodiktif nan CHA



Swen Zo Ou ak Jwenti Ou

Ke ou gen foulay, antòs, zo kase, oswa nesite pou operasyon konplèks, chirijyen òtopedik CHA yo ka ede amelyore fasilite deplasman ou epi voye ou tounen nan aktivite ou renmen yo. Gade nouvo videyo nou yo chirijyen òtopedik Mercedes Von Deck, MD, ak William Doherty, MD fè yo - epi jwenn enfòmasyon sou jan yo abòde laswenyay.

Fè konesans Dtè. Von Deck

Fè konesans Dtè Doherty

BELIEVE IN WHERE YOU WORK



Acredite no seu local de trabalho

Antan n ap selebre semèn enfimye(è) oksilyè yo, CHA ap onè wòl esansyèl Enfimye(è) Oksilyè yo (CNA yo) yo jwe a kòm kè ekip swen sante nou yo. Avèk laswenyay ekselan y ap bay sou sipèvizyon enfimye(è) nou yo, CNA yo nan premye ran nan pote laswenyay pou moun.

Èske ou se yon CNA ki vle antre nan yon mendèv ki genyen pri? Jwenn plis enfòmasyon sou sa CHA gen pou ofri.

Klike la a pou pwochen djòb ou